

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Bisa dicindekeun yén naskah drama Jeblog karya Nazarudin Azhar ngaguar rupaning kaayaan sosial ngaliwatan problématika tokoh-tokohna. Ditingal tina *intensitas* problématika nu dialamanana, aya opat tokoh problématik: 1) Dalka, 2) Sarwani, 3) Burhan, jeung 4) Wanoja. Luyu jeung peranna dina naskah, opatanana bisa nganggeuskeun problématikana ku cara séwang-séwangan.

Hasil analisis ngeunaan kasang tukang kahirupan Nazarudin Azhar ngawengku: biografina, karya-karyana, jeung konsép kapangaranganana. Bisa dicindekeun yén Nazarudin Azhar nya éta pangarang Sunda lantaran anjeunna pituin Sunda ogé loba karyana dina basa Sunda. Salaku pangarang anjeunna miboga konsép kapangarangan sorangan, utamana dina bentuk naskah drama Sunda. Naskah-naskah dramana miboga bentuk jeung eusi carita nu béda tinu lian.

Sawangan dunya Nazarudin Azhar dina naskah drama Jeblog ngawengku kasang tukang, éksisténsi awéwé, pentingna mikanyaho sajarah jeung kamandangna ngeunaan bentuk naskah drama Sunda nu masih kénéh bisa robah sangkan teu karasa *monoton*.

5.2 Implikasi

Panalungtikan naskah drama Jeblog teu ngansaukur naluntik naskah salaku teks sastra tapi pangarang salaku nu nulis ogé masarakat nu mangaruhan kana warna tulisan pangarang. Kaayaan sosial masarakat jadi salah sahiji élemén pikeun jadi objék dina ieu panalungtikan. Salah sahiji mangpaat ieu panalungtikan nya éta salaku gambaran umum pikeun masarakat ngeunaan naskah drama jeung strukturalisme génétik salaku tilikanana.

Tina ieu panalungtikan dipiharep anggota masarakat sacara umum maham yén karya sastra dipangaruhan ku kahirupan sosial masarakat anu cicing sabudeureunana, jeung ngalegaan informasi ngeunaan naskah drama.

Yosef Mubarak Ibrahim, 2014

NASKAH DRAMA JEBLOG KARYA NAZARUDIN AZHAR (Tilikan Strukturalisme Génétik)

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

5.3 Rékoméndasi

Panalungtikan ngeunaan naskah drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar tangtu loba kénéh kurangna. Lantaran dina naskah drama *Jeblog* karya Nazarudin Azhar masih loba hal anu perlu ditaluntik ngagunakeun pamarekan atawa teori nu lian. Ku kituna perlu aya panalungtikan lain boh sacara struktural ogé sosiologis, ngaliwatan pamarekan intertekstual jeung karya sastra séjén. Ku cara éta dipiharep bisa méré kamandang lain tina sawangan dunya pangarang jeung makna lainna, nu leuwih nyosok jero.

Panalungtikan karya sastra ngagunakeun pamarekan strukturalisme génétik pikeun naskah drama ogé karya sastra Sunda sacara umum can loba dilakukeun. Kukituna masih loba kénéh kasempetan pikeun nalungtikna.